



Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH)



Rezime Rapò

Grèv nan lopital piblik yo:

RNDDH mande otorite yo tande revandikasyon grevis yo epi bay bon jan repons

Premye avril 2022

1. Nan jou ki te 21 fevriye 2022 a, Federasyon Nasyonal Travayè lasante yo (FENATRAS) te tanmen yon grèv nan tout lopital piblik yo pou mande bon jan kondisyon travay. Nan sans sa, senk (5) nan gwo lopital piblik yo, tankou *lopital lapè (Dèlma 33)*, *lopital jeneral (Pòtoprens)*, *lopital Jistinyen (Okap)*, *matènite Kafou ak matènite Izayi Janti (chansrèl)* te sispann bay sèvis.
2. Aprè plizyè rankont ki te fèt ak zotobre nan ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP), FENATRAS deside leve grèv la, nan jou ki te 31 mas 2022 a, nan lopital jeneral annatandan siyati akò pou pote satisfaksyon sou divès revandikasyon yo a rive fèt nan jou lendi 4 avril 2022 a.
3. Pandan mwa mas la, RNDDH te vizite plizyè lopital piblik nan peyi a pou founi je gade nan ki kondisyon y'ap fonksyone. Yon bò, nou jwenn kèk lopital ki te patisipe nan grèv la, yon lòt bò genyen ki te kontinye ap fonksyone ak tout pwoblèm yo genyen yo.

I. SITIYASYON LOPITAL KI NAN GREV YO

a) *Lopital lapè*

4. Depi 8 mas 2022, tout rezidan nan sèvis matènite lopital lapè kanpe travay yon fason pou fè responsab sante piblik yo konnen nan ki move kondisyon y'ap bay sèvis. Gen gwo pwoblèm kouran nan lopital la sa ki lakoz doktè yo konn blije fin opere moun nan limyè telefòn pafwa. Manke bon jan materyèl nan sal akouchman an, pa gen anpil kabann epi yo pa fèt pou fanm k'ap akouche. Pagen frijidè pou konsève mèvant (placenta) yo, konsa lè yo kòmanse gate yo bay move sant. Anplis,pagen anyen ki separe malad yo, yo tout nan menm chanm nan epi tout moun ap gade zafè lòt .
5. Lopital lapagen ase kouve pou timoun ki fèt anvan lè yo. Sou pwèn sa n'ap sonje nan mwa oktòb 2018, gen venn senk (25) kouve ki disparèt anndan lopital la. Jiska jounen jodi a, poko janm gen anyen ki di sou kibò kouve sa yo pase.

6. Rezidan yo plenyen pou kèk travay ki pa byen fèt akòz pa gen ase moun ki pou travay, gen anplwaye yo voye nan lòt lopital epi yo pa janm ranplase yo. Dèfw, doktè yo konn bezwen opere moun, yo pa kapab paske chanm operasyon an sal, zouti ak tout dra yo pa lave. Sak pi rèd la, anpil fwa, se fanmi malad la ki konn di ba yo netwaye chanm nan pou malad la ka jwenn swen. Epi tou gen malad ki oblije al nan refè dosye paske pa toujou gen moun nan achiv la lè yo bezwen deklase dosye.

7. Lopital lapè tabli kò li nan komin dèlma epi li bay sèvis sila yo : chiriji, ijans, pedyatri, medsin entèn, òtopedi ak matènite.

b) Lopital Jeneral

8. Manm Sendika nan lopital sila a, te kanpe travay senk (5) fevriye 2022. Malerezman zotobre nan MSPP pat mande yo sa yo pot pou vann. Kidonk, yo te blije fè yon lòt kanpe jou ki te 21 fevriye 2022 a pou patisipe nan grèv FENATRAS la.

9. FENATRAS mande pou Leta ba yo pi bon kondisyon travay, mete bon zouti nan lopital yo, swasant mil (60.000) goud salè pou pipiti, peye anplwaye yo tout lajan yo dwe yo, peye 18 mwa tikat la, mete kafeterya epi bay anplwaye yo yon lòt asirans paske asirans OFATMA a pa itil yo anyen.

10. Lopital Jeneral, ki se pigwo Lopital piblik peyi a, bay anpil sèvis tankou: medsin entèn, pedyatri, iwoloji, obsterti/jinekoloji, oftalmoloji, radyoloji, otopedi, fizyoterapi, medsin kominotè, dyaliz, chiriji, dèmatoloji, ijans, sèvis swen pou moun ki gen sida ak ORL/CCF. Pandan grèv la, tout sèvis sa yo te bloke anwetan sèvis dyaliz la ki te toujou ap fonksyone.

c) Lopital Jistinyen Okap

11. Nan lopital sila a, grèv la te koumanse depi 7 mas 2022. Devan chak sèvis gen yon pil fatra. Mete sou revandikasyon FENATRAS yo, anplwaye nan lopital Jistinyen yo mande pou otorite nan Leta a mete bon jan mwayen pou yo bay swen kòm sadwa, mete yon bon mòg, byen trete tout anplwaye epi byen jere lopital la.

12. Gras ak lopital Jistinyen, popilasyon nan gran nò peyi a jwenn sèvis medsin entèn, pedyatri, iwoloji, òtopedi, ijans, medsin familial ak obtetrik/jinekoloji.

d) Lopital matènite Kafou

13. Lopital sila bay anpil sèvis tankou vaksinasyon, newonatojoloji, sonografi, radyoloji, klinik, yon laboratwa medikal ak yon sèvis espesyal pou moun ki gen sida. Nan moman grèv la se dispansè a ak sèvis pou pran swen moun ki gen sida yo sèlman ki te fonksyone.

e) Matènite Izayi Janti

14. Depi kèk lane, Matènite Izayi Janti, ki chita kò li chansrèl nan komin Site Solèy, ap travèse anpil move moman akòz gang k ap ferye ozalantou lopital la. Sa lakoz, anplwaye yo pa ka vin travay chak jou. Mete sou sa, lopital la pagen medikaman ni akenn bon zouti pou travay. Twalèt ijyenik lan pa bon, anplwaye ak pasyan yo se latrin ki tou sal y'ap itilize.

II. SITIYASYON LOPITAL KI PA NAN GRÈV YO

15. Malgre tout pwoblèm k'ap wonje lopital piblik yo, genyen kèk ki pat chwazi fè grèv. men sa pa vle di se zafè yo ki bon pou otan, y'ap fonksyone nan menm move kondisyon ak lòt lopital yo. Men kèk nan yo :

- Lopital lapwovidans Mòn Blanch nan Gonayiv pa gen direktè pou jis kounya. Depi nan lane 2020, yo te akize ansyen direktè a Doktè Jude RENELIQUE vòlò sèz (16) pano solè ak lòt materyèl ankò nan lopital la.
- Sitiyasyon nan lopital kominotè referans nan Aken an bay kè sote. Pa gen dlo, pa gen kouran, sal akouchman pa nan bon kondisyon ditou anplis anbilans lopital la anpàn.
- Nan lopital sentantwàn Jeremi, bagay yo vin pi grav depi aprè tranbleman tè 14 dawout 2021 an. Lopital la prèske pa gen anyen ladan, sa ki lakoz anpil moun Jeremi ale okay pou yo al lopital.
- Nan depatman Nodès peyi a, gen lopital Fòlibete, Twoudinò ak sant kominotè Wanament ki nan menm move sitiyasyon ak lòt yo. Yo pa gen ni materyèl ni ankenn medikaman. Anplis, anplwaye nan lopital sa yo gen kat mwa depi yo pa touche.

III. DETAY SOU KONDISYON KI METE FEN AK GRÈV LA

16. Jou ki te 31 mas 2022 a, FENATRAS anonse yo deside pou grèv la leve aprè dènye rankont yo te genyen avèk gwo chabrak nan ministè sante piblik ak popilasyon. Daprè enfòmasyon yo bay RNDDH, yo deside leve grèv la nan lopital Jeneral anvan pou montre volonte yo genyen pou rezoud pwoblèm kriz la. Apre sa, responsab nan ministè a ap gen poul siyen yon akò avèk yo lendi k'ap 4 avril 2022 a. Men sa akò a gen ladan l.

- Peye 18 mwa Leta dwe sou tikat la;
- Mete bon jan materyèl ak pwodwi nan tout lopital yo;
- Fè kichòy pou moun agaj yo;

- Pase men nan resous zimèn Depatman sanitè lwès la ;
- Mete sou kòb yo ap touche a;
- Bay anplwaye yo pwomosyon sou baz konpetans yo;
- Pase men nan dosye retrèt moun k'ap travay nan leta yo.

17. Siyati akò tou nèf sa, fè nou sonje dènye akò ki te siyen nan dat 23 fevriye 2017. Lè sa Prezidan Jovenel Moïse te fè yon komisyon ki te gen ladan l Guichard DORE, Max Rudolph SAINT ALBIN ak Roody HERIVAUX pou siyen yon akò sou pwèn sa yo : ogmantasyon salè, nominasyon pou kontraktiyèl yo epi ajisman sou ka moun agaj yo. Malerezman akò sa pa kanpe sou anyen ankò paske responsab MSPP ki la kounya yo di Jovenel mouri epi manm komisyon ki te nan siyati akò sila a pa nan pouvwa anko. Sa montre a klè pagen kontinwite nan Leta.

IV. KOMANTE AK REKOMANDASYON

18. Moun k'ap travay nan lopital piblik nan peyi Dayiti, se prèske ak bout zong yo y'ap travay epi kondisyon yo pa bon ditou. Sitiyasyon sa yo mete lavi travayè-travayèz yo ak malad yo nan danje. Lopital yo sal, pa gen kouran 24 sou 24, pa gen medikaman, pa gen ase materyèl epi anpil nan yo pa bon. Mete sou sa, y'ap touche yon grabday monnen epi y'ap peye yon asirans ki pa itil yo anyen.

19. RNDDH wè li pa posib pou moun ap pran swen ni travay nan kondisyon malouk sa yo. Se sa ki fè nou mande pou gwo chabrak nan MSPP yo : tande revandikasyon grevis yo epi bay bon jan repons ; chanje kondisyon moun yo ap travay nan lopital yo ; alafen, bay lopital yo materyèl ak bon jan mwayen pou yo bay popilasyon an pi bon sèvis.